**दिन– शनिवार** **दिनांक–14.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नागरिक उड्डयन मंत्री राम मोहन नायडू कहलनि जे अहमदाबाद विमान हादसा के जाँच प्रक्रिया अगिला तीन महीना मे पूरा कऽ लेल जायत। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशपक क्रम मे श्री नायडू कहलनि कि हुनक मंत्रालय एहि हादसा के सभ पहलू के जाँच कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे विमान मे साढे छओ सय फीट के ऊंचाई पर खराबी आयल छल आओर पायलट इमरजेंसी के सूचना देने रहथि। एम्हर, एहि हादसा मे मरै बलाऽ के संख्या बढि के दू सय पचहत्तरि भऽ गेल अछि। शव सभ के पोस्टमॉर्टम कऽ के हुनक परिजन सभ के सौंपल जा रहल अछि।

---

भाजपा के वरिष्ठ नेता आओर पटना साहिब के सांसद रविशंकर प्रसाद कहलनि जे आतंकवाद के विरूद्ध भारत के रूख के वैश्विक समर्थन भेटल। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री के निर्देश पर विभिन्न देश के दौरा पर गेल प्रतिनिधिमंडल सभ भारत के रूख के विश्व समुदाय के समक्ष रखलनि। ओ कहलनि जे सभ देश एकजुट भऽ के आतंकवाद के विरोध कयलनि आओर भारत द्वारा चलाओल गेल ऑपरेशन सिंदूर के सराहना कयलनि। श्री प्रसाद कहलनि जे भारत आओर पाकिस्तान के रिश्ता के बीच तेसर पक्ष के कोनो भूमिका नहि होयत।

---

पूर्व मंत्री आ राष्ट्रीय जनता दल के वरिष्ठ नेता मंगनी लाल मंडल कैँ राजद के अगिला प्रदेश अध्यक्ष चुनल जयबाक लगभग तय अछि। प्रदेश अध्यक्ष पदक लेल एक मात्र प्रत्याशी के रूप मे श्री मंडल आइ नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। काल्हि नामांकन पत्र के जाँच होयत आओर नामांकन वापस लेबाक अंतिम तिथि सेहो काल्हि अछि। यदि नामांकन

सही पाओल गेल तऽ उन्नैस जून के विधिवत रूप सँ मंगनी लाल मंडल के प्रदेश अध्यक्ष घोषित कयल जायत।

—————————————————————————

नेशनल टेस्टिंग एजेंसी मेडिकल पाठ्यक्रम मे प्रवेशक लेल आयोजित नीट यूजी के परिणाम जारी कयलक। राजस्थान के हनुमानगढ़ के महेश केसवानी टॉपर बनलाह अछि। ओतहि, इंदौर के उत्कर्ष अवधिया दोसर स्थान प्राप्त कयलनि। परीक्षा के आयोजन चारि मई के भेल छल।

—————————————————————————

मौसम विभाग द्वारा कहलक गेल जे अगिला चारि सँ पाँच दिन मे बिहार मे मॉनसून दस्तक दऽ सकैत अछि। काल्हि सँ उत्तर बिहार मे बरखा के गतिविधि शूरू भऽ जायत आओर बीस जून तक पूरा राज्य मे बरखाक संभावना अछि। एहि दरमियान आंधी, मेघगर्जन आओर वज्रपातक आशंका अछि। एम्हर, प्रदेश मे भीषण गर्मीक स्थिति बनल अछि। गोपालगंज, सूपौल, फारबिसगंज, पूर्णियां आओर पटना मे गर्म आओर आर्द्र दिवस के स्थिति बनल रहत। बियालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतास जिलाक डेहरी लगातार दोसर दिन प्रदेश के सभ सँ गर्म स्थान रहल। राजधानी पटना के अधिकतम तापमान चालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमाान मे कहल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तरी, पूर्वी आओर दक्षिण—पश्चिम भाग मे किछु स्थान पर तेज हवा के संग रिमझिम बरखाक हेबाक संभावना अछि।

—————————————————————————

आइ विश्व रक्तदाता दिवस अछि। रक्त दान के प्रति लोक के जागरूक करबाक आओर रक्तदाता सभ के सम्मानित करबाक उद्देश्य सँ प्रति वर्ष चौदह जून के ई दिवस मनाओल जायत अछि। मानव शरीर मे ब्लड ग्रुप के तकयबला वैज्ञानिक कार्लस् लैंडस्टीनर के जयंती पर हुनक सम्मान मे ई दिन मनाओल जायत अछि। एहि वर्ष रक्तादाता दिवसक थीम अछि– "रक्त दे उम्मीद दे"। स्वास्थ्य विभागक दिस सँ तेरह जुलाई धरि सभ सरकारी अस्पताल मे जागरूकता कार्यक्रम आ स्वैच्छिक रक्तदान शिविर आयोजित कयल जायत।

———————————————————————

समाप्त भेल।